

Anplasman	<p>Capital Digestive Care gen anpil biwo lokal ak sant andoskopi, epi kèk nan yo tou pre anpil youn ak lòt. Sèvi ak planifikasyon pou anvan pwosedi a ak fich konsèy ki atache yo pou ede ou rive nan bon kote a ak nan bon lè a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pasyan sant andoskopi yo dwe rive 45 minit alavans, epi pasyan lopital yo 1 èdtan alavans pou akonpli aktivite admisyon yo pou pwosedi ou an.
Sekirite pou COVID	<p>Tout pasyan dwe fè tès pou COVID nan 96 èdtan yo ki anvan pwosedi yo a – nou pral planifye randevou sa a nan moman nou pwograme pwosedi ou an.</p> <p>Pasyan yo dwe respekte tout dekrè egzekitif ki aplikab yo ak direktiv Eta ak direktiv lokal yo konsènan itilizasyon mask, distans sosyal ak vwayaj, sitou ant moman tès COVID ou an ak pwosedi ou an.</p> <p>Si ou pa respekte kondisyon yo pou nenpòt nan sa ki anwo la a, sa pral lakòz anilasyon pwosedi ou an.</p>
Medikaman yo	<p>Pale avèk doktè ou konsènan nenpòt medikaman oswa sipleman ou pran regilyèman. Piga sispann okenn medikaman sou preskripsyon sòf si doktè ki preskri ou an ba ou lòd pou fè sa.</p>

Règleman Jeneral yo:

Transpò	<p>Gen kèk aktivite, tankou kondi, ki pa otorize nan èdtan yo ki apre pwosedi ou an. Fè aranjman pou yon moun ba ou woulib, yon moun ki ka pran responsablite pou swen ou (laj plis pase 18 lane). Li dwe rive tousuit 1 èdtan apre lè pwosedi ou an, men pa pita pase 4:30 pm. Sèvis transpò yo, tankou Uber, Lyft, sèvis taksi, elatriye pa otorize.</p>
Anilasyon	<p>Kabinè nou an mande notifikasyon anilasyon oplita nan senk (5) jou ouvrab, otreman, gen yon frè \$150 ki pral aplike.</p>

Preparasyon ou an mande restriksyon alimantè ki annapre la yo: REJIM ALIMANTÈ REZIDI FÈB

Preparasyon sa a pèmèt ou swiv yon rejim alimantè ki gen tikras rezidi pou **manje maten ak manje midi** nan lavèy pwosedi ou an. Ou pa dwe konsome manje ki gen tikras rezidi yo nan jou pwosedi ou an. Ou dwe bwè kantite likid klè ki apwopriye pandan tout preparasyon ou an pou anpeche dezidratasyon. Swiv direktiv yo pou lè ou dwe kòmanse ak sispann preparasyon ou an.

Si ou pa swiv direktiv yo, sa gendwa lakòz anilasyon pwosedi ou an – se pou sekirite ou.

Enfòmasyon Enpòtan Anvan Pwosedi a Tanpri Repase yo 1 semèn anvan pwosedi a

Likid ki otorize yo*	Manje ki gen tikras rezidi ki otorize yo	PA KONSOME
<ul style="list-style-type: none"> • Dlo, Ji pòm, ji rezen blan ak kranberi blan, soda, Kool-Aid, Gatorade. • Te ak kafe (san lèt, san krèm ni ranplasan lèt oswa krèm). • Bouyon • Jell-O, Glas Italyen, popsicle. <p>*okenn nan sa yo pa ka gen koulè wouj, jòn abriko oswa vyolèt, ni yo pa dwe gen chè fwi.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ensure oswa Boost • Ze • Manba Fen • Pen Blan • Shake pwoteyin; yogout òdinè oswa awomatize san grenn ni nwa • Poulè oswa kodenn san po • Tofu <p>OKENN lòt manje pa otorize nan rejim alimantè sa a</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Likid oswa pwodui koulè wouj, jòn abriko, oswa vyolèt. • Lèt, krèm oswa ranplasan ki pa abaz lèt (tankou krèm atifisyèl, soya oswa lèt abaz nwa). • Ji ki gen chè (sètadi ji zoranj, chadèk, anana, tomat ak V-8) oswa pwodui ji jele ki gen chè.

√ 5 JOU ANVAN PWOSEDI A:

- Se dènye jou pou anile pwosedri ou an san sa pa lakòz yon frè pou anilasyon anreta, dapre règleman.
- Si w ap pran sipleman fè, sispann yo jiskaske pwosedri ou an fini.
- Pran founiti ki annapre la yo:
 - Preskripsyon solisyon preparasyon ou an ak 2 konprime laksatif bisacodyl 5 mg nan famasi a.
 - Si ou vle: atik san preskripsyon pou soulaje iritasyon nan twou dèyè, ki ka vin genyen pandan preparasyon ou an. Sa yo ka gen ladan Desitin, Anusol, Tucks pads oswa Vaseline.
 - Si ou vle: pou fasilite preparasyon ou an, ou ka melanje preparasyon an avèk likid klè eksepte dlo, tankou soda klè (pa egzanp Sprite, Ginger Ale) oswa limonad ki pa gen chè.

√ 3 JOU ANVAN PWOSEDI A:

- Ajiste Rejim alimantè ou. Sispann manje nouriti ki gen anpil fib, sa gen ladan grenn, quinoa, nwa, pwa, mayi/pòpkòn, fwi kri, legim kri ak bran.
- Repase Planifikasyon Anvan Pwosedri a ak Fich Konsèy yo pou konnen a kisa pou ou atann ou, ak pou jwenn konsèy pou fè preparasyon an pi fasil.

NAN JOU <u>ANVAN</u> PWOSEDI A		
8:00 am	Bwè tout kantite likid klè ki posib pandan tout jounen an pou evite dezidratasyon pandan preparasyon aswè a. Ou kapab konsome tou manje ki gen tikras rezidi kòm manje maten ak manje midi.	
Likid ki otorize yo*: <ul style="list-style-type: none"> • Dlo, Ji pòm, ji rezen blan ak kranberi blan, soda, Kool-Aid, Gatorade. • Te ak kafe (san lèt, san krèm ni ranplasan lèt oswa krèm). • Bouyon • Jell-O, Glas Italyen, popsicle. *okenn nan sa yo pa ka gen koulè wouj, jòn abriko oswa vyolèt, ni yo pa dwe gen chè fwi.	Manje ki gen tikras rezidi ki otorize yo: <ul style="list-style-type: none"> • Ensure oswa Boost • Ze • Manba Fen • Pen Blan • Shake pwoteyin; yogout òdinè oswa awomatize san grenn ni nwa • Poulè oswa kodenn san po • Tofu • OKENN lòt manje pa otorize nan rejim alimantè sa a 	PA KONSOME <ul style="list-style-type: none"> • Likid oswa pwodui koulè wouj, jòn abriko, oswa vyolèt. • Lèt, krèm oswa ranplasan ki pa abaz lèt (tankou krèm atifisyèl, soya oswa lèt abaz nwa). • Ji ki gen chè (sètadi ji zoranj, chadèk, anana, tomat ak V-8) oswa pwodui ji jele ki gen chè.
Pa swiv esplikasyon ki sou bwat Peg-Electrolyte lan. Swiv esplikasyon yo ki anba a.		
4:00 pm - Pa konsome okenn manje (yo) apre lè sa a. Kontinye konsome likid ki otorize yo*.		
4:00 pm Premye Dòz - Pati 1	<ul style="list-style-type: none"> • Pran 2 konprime laksatif bisacodyl 5 mg avèk yon (1) vè (8 oz.) dlo oswa likid klè. • Pou melanje po solisyon an, ajoute dlo rive nan liy pou ranpli a. Bouche boutèy la epi souke pou fonn poud la; solisyon an dwe klè ak san koulè. Rezève l, mete l nan frijidè si ou vle. 	
6:00 pm Premye Dòz- Pati 2	<ul style="list-style-type: none"> • Bwè ½ po solisyon an (8 vè). Bwè yon vè (8 oz.) solisyon an chak 30 minit. Pran tan ou epi bwè dousman. 	

NAN <u>JOU</u> PWOSEDI A	
5 èdtan anvan lè pwosedè ou an Dezyèm Dòz	<ul style="list-style-type: none"> • Bwè kat (4) vè (8 oz.) solisyon an nan lespas 1 èdtan. Si ou pa gen pou pou klè oswa jòn, kontinye bwè yon (1) vè (8 oz) chak 15-20 minit jiskaske ou klè oswa jiskaske ou rive nan moman kote ou dwe sipann bwè. • Ou dwe fini 3 èdtan anvan lè pwosedè ou an • Pa konsome anyen nan bouch 3 èdtan anvan lè pwosedè ou an. Gade anba a pou jwenn eksepsyon pou medikaman yo. SI OU MANJE OUBYEN BWÈ NAN PERYÒD 3 ÈDTAN SA A, PWOSEDI A KAPAB RANWAYE OUBYEN ANILE.
Medikaman yo	<ul style="list-style-type: none"> • Pran medikaman ou pou tansyon, Parkinson, kriz oswa opresyon. Tanpri pran medikaman sa yo 3 èdtan oswa plis anvan lè kòmansman pwosedè a epi avèk sèlman yon ti gòje dlo. • Si yon doktè te preskri yon inalatè pou ou pou opresyon, pote l avèk ou nan pwosedè a.
Lèt Machaswiv	<ul style="list-style-type: none"> • Pote ID foto ou, kat asirans ou yo ak ko-peman, si sa nesèsè. • Mete rad ki konfòtab. Pa mete bijou ni pa pote bagay ki gen anpil valè. • Pa mete pafen ni losyon.

√ A KISA POU W ATANN OU:

- Atann pou ou gen pou pou souvan ak dyare nan 1-4 èdtan. Pran pasyans epi eseye pwomne pou ankouraje mouvman entesten. Rete toupre yon twalèt. Pandan tan sa a, kontinye preparasyon ou an.
- **Atann pou ou pase likid klè oswa jòn nan finisman preparasyon ou an.**
- Ou dwe fini tout dòz preparasyon ou an menm si ou pase likid klè oswa jòn byen bonè nan pwosesis la.
- Pasyan yo dwe kontinye bwè likid klè jiska twa èdtan anvan pwosedè a. Pandan 3 èdtan yo anvan pwosedè ou an, pa konsome anyen nan bouch, pa menm dlo, chiklèt oswa sirèt.
- Pwosedè ou an ka anile nan sikonstans ki annapre la yo: si ou pa fini preparasyon an nèt oswa si preparasyon an pa apwopriye (ou pa pase likid klè oswa jòn); si ou konsome nenpòt bagay nan bouch nan 3 èdtan yo ki anvan pwosedè a.

√ KISA POU FÈ POU RANN PREPARASYON AN PI FASIL:

- Pasyan yo ka pase Desitin, Anusol, Tucks pads Oswa Vaseline pou kouvri zòn twou dèyè yo pou evite iritasyon pandan preparasyon an.
- Pasyan yo ka bwè solisyon preparasyon an ak yon chalimo oswa kenbe nen ou lè w ap bwè l.
- Pasyan yo dwe ralanti ant dòz yo si yo santi yo anvi vomè.

Dat pwosedè a	
Lè pwosedè a	
Lè pou rive	
Non ak adrès kote a	
Non moun k ap bay woulib pou mennen ou lakay ou	
Relasyon	
Nimewo telefòn	